Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 4 (7807)
25 Январь
Хамиз
2024 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

«Малая Родина – сила России»,- форумалда

## ГIуцIарухъанлъиялъулал масъалаби цере лъуна

**Дагъал церег1ан къоязда Москваялда раг1алде бахъараб «Малая Родина-сила России»,- абураб ахIиялда гъорлъ араб ТIолгороссиялъул муниципалияб форумалда Россиялъул Президент В.В.Путиница цIикIкIараб кIвар буссинабуна улкаялъул муниципалитетазул хIалтIи камиллъизабиялде, ай гьес бихьизабуна гьитIинаб ВатIан цебетIезабиялъулъ щулалъиялъулъ бугин улкаялъул кьалбал щулалъи,-абун. Гьелъул магIна ккола нилъерго ругел ресаздасан пайдаги босун, гIумро гIуцIиялде рачIине кколин,-абураб. БичIчIулеб букIахъе хадубккун кIвар кьезе буго кинабго рахъалъ муниципалитетазул хIалтIи лъикIлъизабиялде.**

ГьединГо В.В. Путиница цIикIкIараб кIвар кьуна СВОялда гIахьаллъаразде, гьезул хъизаназе кидагосеб кумек гьабиялде.

КIвар буссинабуна муниципалитетазул хIалтIуда гьоркьоре г1ат1идго цIазе ккolин гIолеб гIел,- абун. Гьезда лъикIго, гъорлъе биччан бичIчIулин улкаялда бугеб хIал ва гьелъул букIинесеб. «ЛъикIго бичIчIула гьезда жидерго гIел, гьезул хIалтIул хаслъаби, х1ажалъаби, цIилъаби лъугьине ккола гьезул кумекалдалъун».

Лъугьунебщиналде кIвар кьеялъул суал борхулаго РФялъул Президентас гьадин тIадчIей гьабуна:- КIвар буго бачIинахъего гIадлуялде цIачIого, жиндир заманаялда мекъияб рахъ лъазабиялъул, гьеб бичIчIизабиялъул, гьалатIал тIагIинаризе кумек гьабиялъул, гьезда тIад хIалтIиялъул.

Улкаялъул бетIерас бихьизабуна муниципалияб власть гIемерго гIагараб бугин гIадамазде, гьездасан битIухъего бараб бугин гIадамазул хIаракатаб хIалтIи бук1ин,-абун. Бищунго кIвар бугеблъун муниципалитетазул хIалтIул бугин гьабураб хIалтIул хIисаб кьей, кинабго к1вар кьеялда гъоркь бук1ин, х1алт1удалъун рат1а гьарулел г1адамал рич1ч1и,-янги бихьизабуна Президентас.

Къокъго абуни форумалъул аслияб магIна букIана муниципалитетазул хIалтIи камил гьабулаго, улкаялъул аслиял рахъал щвалде щвезари, Ват1ан кквезе бажари щивасулъ куцай.






Дандеlъи

## Лъим цIорозе рес буго

Гьал къоязда районалъул бетIергун дандчIвана Балахьуни, Майданское, Зирани росабазул бутIрул. Гьелъие гIилла букIана районалда цIикIкIараб къадаралда электроэнергия бух1улеб букIин ва хасалил шартIазда цIикIкIараб тIадецуй букIиналъ ток г1олеб гьечIолъи. Гьебги хIисабалде босун суткаялда жаниб гьел росабалъ къокъабго заманаялъ ток свинабулеб буго.



ДандчIваялда бутIруз бихьизабуна росабалъе лъинал ракьулъан трубаби лъун бачун бугин, гьелъ хасало лъим цIороялда хIинкъи бугин. КIалъазе рахъараз тIадчIей гьабуна росабалъе бачараб лъадае зарал кколарел нухал ратиялда хурхун.

### Жавабиязда тIад къана



Шамильхъалаялда гIумро гьабулей ХIусну ПатIимат ХIамидова ккола ункъго инвалидал лъималазул эбел, инвалид ккола росги. Пенсионераз гIумро гьабулеб буго цо рукъалъул кватираялъуб. -ЦIакъ захIматго буго росги гIажизав вугеб мехалъ гьедин къваридго гIумро гьабизе. Бокьилаан нижер бугеб ахIвал-хIалалъул балагьани,- ян абураб гьаригун гьал къоязда районалъул бетIер Г. НурмухIамадовасухъе ячIана гьей.

Эбелалъе кIудияб захIмалъилъун ккола гьединаб хъизан, хасго лъимал унтарал ругони. Гьезда хадуб кидаго букIине ккола халкквей, кумек-кверчIвай, гьединаб ахIвал-хIалалда чIужугIаданалъе хIажалъула кIудияб сабру. Гьеб суал гьоркьоб лъун жиндирго заместителалги ахIун, дандеlъи тIибитIана бетIерас. Гьес гьеб ишалъул жавабчилъи т1аде кколезда лъазабуна гьеб суал тIубаялъе кколеб хIалтIи гьабе-ян.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 4 (7807)
25 Январь Хамиз 2024 сон

2 гьумер

**Гьал къоязда РДялъул Правительствалъул Председателасул зам ГI. МахIмудовас данделъи тIобитIана республикаялъул «Дарожной карты», ай захIматалъул базаралда ругел захIмалъаби лъугIизариялда хурхарал суалалги гьоркьор лъун. Гьеб гьабиялъе аслияб гIила букIана Россиялъул премьер Т.Голиковалъул нухмалъиялда гьоркь бугеб ведомствабазда гьоркьосеб комиссиялъул заседаниялде босулеб суал гIумроялде бахъинаби .**



Лъай кьей

# КIвахI гьечIеб хIалтIул мугIалим



Кинавго чиясда гуро мугIалимлъунги тохтурлъунги мисалияб къагIидаялъ хIалтIун бажарулеб. Гьел махщелал тIаса рищаразе къваригIуна: къохIехьей, хIалимлъи, гъваридаб лъай, рухIияб бечелъи ва гIадамаздехун гIорхъи гьечIеб рокьи. ТIадехун рехсарал киналго хасиятал жиндилъго цолъизаризе кIун ругилан ракIалде ккана дида Унсоколо росдал №2 школалъул байбихьул классазул тIадегIанаб категориялъул мугIалим, «Россиялъул лъай кьеялъул хIурматияй хIалтIухъан», 1967 соналъ гьаюрай Зарема МухIамадовалъулгун букIараб дандчIваялдаса хадуб. Эбел мугIалим йикIиналъги батизе бегьула жеги школалда цIалулеб заманалдаго Заремал анищ букIана учительлъун яхъине. Гьелъул гьеб анищ гIумруялде бахъана лъикIал къиматаздалъун ДГПИги лъугIизабун, школалда хIалтIизе лъугьиндал. Лъеберго соналъ тIатIалаго З.МухIамадовалъ лъайгун тарбия кьолеб буго г1ун бачIунеб гIелалъе. Гьаб цIалул соналъ гьелъ бачунеб буго 2»а» класс. Классалда вугев 17 цIалдохъанасдасан анцIила щугояв цIалул церехъаби ккола. Бокьарав учителасда лъала бигьаго гьединал хIасилал щолареллъи. ХIалтIулъ бергьенлъаби щвезе ккани хIажалъула хIалуцараб, щибаб къойилаб захIмат, ракI-ракIалъго бокьизе ккола жиндирго х1алт1и. Гьелъул дарсазда г1ахьаллъидал бихьулеб бук1ана Зарема гъваридаб лъай ва психологияб бичIчIи бугей, жиндирго хIалтIи ракI-ракIалъго бокьулей махщалилай йикIин. Гьелъ дарсазда хIалтIизарулел батIи-батIияб къаг1идабаз ва хIаяз (карточкаби, чайнвордал, «Поле чудес») кумек гьабулеб буго лъимал гьираялда г1енеккизе ва пикру гьабизе ругьунлъиялъе. Дие рек1ее г1уна дарс бицун лъуг1идал: «ЦIияб дарс бичIчIараз кверал эхеде рорхе»,-ян мугIалималъ щибаб дарсил ахиралда гьикъулеб къагIида. Гьедин ругьун гьарун рукIиналъ цIалдохъаби хIажаталлъун кколел руго цIияб дарс бицунелъул гьеб ракIалда чIезелъун, цIакъго кIвар кьун гIенеккизе.

Березда бихьараб, гIундузда рагIаралдаса къоло щуго нухалъ цIикIкIун рак1алда чIолилан чIезабун буго гIелмуялъ. Гьебги хIисабалде босун, дарс кьей пайдаяб куцалъ иналъе учительницаялъ хасаб кIвар кьолеб буго дарсазда жакъасеб информационнияб технология хIалтIизабиялде. Лъай кьеялда цадахъго З.МухIамадовалъ кIудияб кIвар кьолеб буго лъималазе лъикIаб тарбия кьеялдеги. Гьеб мурадалда пайда босула классалъул сагIтаздаса, эбел-инсул собранияздаса ва дарсил заманалдаги. Гьале Заремаца тIорит1арал классалъул сагIтазул цо-цо цIарал: «Кин хьвадизе кколел школалда, рокъор ва гIаммал бакIазда», «Классалда жаниб кинаб гьоркьоблъи букIине кколеб?», «ТIабигIат цIуне», «КIудиязул адаб гьаби-гьитIиназул налъи» ва цогидалги. МугIалималъул щулияб бухьен буго цIалдохъабазул эбел-инсулгун. Тарбия кьеялъул хIалтIулъ гьелъие жигараб кумек гьабулеб буго эбел-инсул комитеталъул членал Самраъ МухIамадгIалиевалъ, ПатIимат МухIамадовалъ, Лаюза МухIамаевалъ, Халисат Ибрагьимовалъ ва цогидазги.

Зарема МухIамадова гIахьаллъана районалда тIобитIараб «ЛъагIалил учитель» абураб къецалда, гьединаб тадбиралда гIахьаллъизе бокьарав мугIалимасул гуро таваккал гIолеб. Дагъистаналъул муфтияталъ тIобитIараб «Берцинаб гIамал-хасият куцаялъул меседилал къагIидаби» абураб республикаялъул къецалда Унсоколо росдал №2 школалъ кIиабилеб бакI ккуна. Къецалда гIахьаллъизе лъимал хIадур гьариялъулъ бихьизабураб хIаракатчилъиялъе гIоло Заремае кьуна ХIурматалъул грамота. Зарема МухIамадовалъул хIакъалъулъ школалъул завуч Муъминат МухIамадовалъ гьадин бицана: «Зарема йиго жавабчилъи цIикIкIарай, гъваридаб лъаялъул, лъималазе лъикIаб лъай кьезелъун цIи-цIиял къагIидаби ралагьулей кIвахI гьечIей педагог. Гьелъ хасго цIикIкIараб кIвар кьола цIалдохъаби гIурус мацIалъ бацIцIадго кIалъазе ругьун гьариялде. ВПР тIобитIулелъул кидаго тIадегIанал хIасилал рихьизарула гьелда цере цIалулел лъималаз».

ХIалтIулъ рихьизарурал лъикIал хIасилазе гIоло З.МухIамадовалъе щун руго школалъул дирекциялъул, райадминистрациялъул, лъай кьеялъул управлениялъул рахъалдасан ХIурматалъул грамотаби, баркалаби ва гIарцулал сайгъатал. Гьелъие гьеб киналдасаго хирияб буго цIалдохъабазул эбел-инсуца ракI-ракIалъго абулел баркалаялъул рагIаби.

Нилъер руччаби

# ШКОЛАЛЪУЛ ЧIУХIИ



ТIоцере школалде рачарал лъимадазда сабуралда, х1еренго кверазь кверги ккун х1арпал хъвазе ва ц1ализе, рокъорги къват1ирги хьвадизе лъалеб куцалда г1адлунизамалде гьел ругьун гьари бигьаяб масъала кколаро. Амма жиндирго х1алт1и рак1-рак1алъго бокьулеб ва лъалеб бугони лъималазе лъайгун тарбия кьезе бигьалъула. Гьедин, х1алт1уде к1удияб рокьигун, к1вах1 гьеч1ого, Буйнакскиялъул педучилищеги лъуг1изабун 1973 соналдаса нахъе(1986 соналъ заочно ц1алун лъуг1изабуна ДГПИги) Унсоколо районалъул г1агараб Рихьуни росдал школалда байбихьул классалъул муг1алимлъун х1алт1улей йиго, «Дагъистан республикаялъул мустах1икъав учитель», Пат1имат Мух1амадова. Киназего г1адин, Пат1иматиеги зах1матго бук1ана байбихьуда лъималгун х1алт1изе. ХIажалъидал гьелъие кумекалъе ратана х1албихьи бугел учительзаби: Салих1ат Бадаева, Г1абдулх1амид Хъарагишев, Ах1мад Жамалудинов ва цогидалги. Гьаб ц1алул соналъ П.Мух1амадовалъ бачунеб буго 4 «а» класс. Классалда вугев 13 ц1алдохъанасдасан анц1ила к1игояв ц1алулев вуго «4» ва «5» къиматазда. Дие рес щвана гьелъул дарсида г1ахьаллъизе. Аслияб къаг1идаялъ гьелъ дарсал кьолел ругоан х1аялъулаб къаг1идаялъ: классги к1иго къокъаялде бикьун, гьезда гьоркьоб къецги ккезабун. Бихьулеб бук1ана Пат1иматица лъимал жалго жидедаго ч1ун ургъизе ругьун гьарулел рук1ин. Дарсил заманалда гьоркьо-гьоркьор кьолел рук1ана биданк1аби, раг1икъот1ал. Гьедин г1уц1арал дарсаз лъимал ургъизе т1амула, заманги араб лъач1ого ун батула. Тарбия кьеялъул х1алт1улъ аслияблъун П.Мух1амадовалъ рик1к1унеб буго лъималазулъ Ват1аналде, рит1ухълъиялде гьит1инго рокьи бижизаби, гьезулъ г1аданлъиялъулаб асар куцай, лъик1лъи бокьизе ва квешлъи рихине ругьун гьари.

Пат1имат Мух1амадовалъул х1акъалъулъ школалъул завуч Заира Х1ожолаевалъ гьираялда бицана: «Пат1имат ккола г1олохъанал учительзабазул насих1атч1ужу, гьелъ г1емер т1орит1ула рагьарал дарсал ва мастер-классал. Гьелъул нухмалъиялда гьоркь школалда т1орит1ула байбихьул классазул тематикиял байрамал. Байрамкъоязда ц1алдохъабазул церерахъиназе сценариялги Пат1иматица жинцаго хъвала. Къокъго абуни: гьей йиго нижер школалъул ч1ух1и».

П.Мух1амадовалъе щун руго х1урматиял ц1арал ва г1емерал шапакъатал: «Учитель-методист», «Россиялъул лъай кьеялъул х1урматияй х1алт1ухъан», республикаялъул лъай кьеялъул ва г1елмуялъул министерствоялъул, райадминистрациялъул, райУОялъул Х1урматалъул грамотаби, баркалаби ва г1арцулал сайгъатал.

**Гьумер хIадурана МухIамад ГЪАЗИМУХIАМАДОВАС.**

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 4 (7807)
Хамиз
25 январь 2024 г

3 гьумер

# С а д о в о д

Страница в номере



## РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН АДМИНИСТРАЦИЯ МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ «УНЦУКУЛЬСКИЙ РАЙОН»

Индекс 368950 РД, Унцукульский район, пос. Шамилькала, ул. М. Дахадаева,3 тел.55-64-85e-mail:mo_uncuk_raion@mail.ru

**РЕШЕНИЕ**

**О внесении изменений в Решение «О бюджете МО «Унцукульский район» Республики Дагестан на 2023 год и плановый период 2024-2025гг.» от 22 декабря 2022 года №43**

Принято Собранием депутатов
муниципального района 22 декабря 2023года № 74

В соответствии с Законом Республики Дагестан «О республиканском бюджете Республики Дагестан на 2023 год и плановый период 2024-2025гг.», принятым Народным Собранием Республики Дагестан 12 декабря 2022 года № 95, с изменениями, внесенными в указанный Закон Республики Дагестан, уведомлений Министерств Республики Дагестан, Положением о бюджетном процессе в МО «Унцукульский район», рассмотрев и обсудив представленный проект бюджета МО «Унцукульский район» на 2023 год

Собрание депутатов муниципального района

**РЕШАЕТ:**

внести изменения и изложить в следующей редакции:

**Статья 1 Основные характеристики районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2023г. и плановый период 2024-2025гг.**

1 Утвердить основные характеристики районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2023г.:

1.1. прогнозируемый общий объем доходов районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2023 год в сумме 1107216,865 тыс. руб., в том числе общий объем межбюджетных трансфертов, получаемых из республиканского бюджета, в сумме 992844,586 тыс. руб., в том числе: субвенция из регионального фонда компенсаций на исполнение полномочий по расчету и предоставлению дотации поселениям, входящим в состав муниципального района –67588,0 тыс. рублей, от налоговых и неналоговых доходов муниципального района в сумме 114372,279 тыс. руб.;

1.2. общий объем расходов районного бюджета МО «Унцукульскийрайон» на 2023 год в сумме 1127156,203 тыс. руб., в том числе, объем бюджетных ассигнований на исполнение публичных нормативных обязательств – 953,0 тыс. руб. Погашение муниципального долга в 2023 году в сумме 1235,0 тыс. руб.;

1.3. верхний предел муниципального долга МО «Унцукульский район» на 01 января 2023 года в сумме 22229,0 тыс. руб., в том числе муниципальные гарантии МО «Унцукульский район» 0 руб.;

1.4. предельный объем расходов на обслуживание муниципального долга на 2023 год – 22,0 тыс. руб.;

1.5. дефицит районного бюджета МО «Унцукульский район» - 21174,338 тыс. руб. 4 Утвердить источники внутреннего финансирования дефицита районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2023 год согласно приложению №13 к настоящему решению.

**Статья 4 Бюджетные ассигнования из районного бюджета МО** «Унцукульский район» на 2023 год.

1 Утвердить общий объем бюджетных ассигнований на исполнение публичных нормативных обязательств на 2023 год – 953,0 тыс. рублей.

2 Утвердить распределение бюджетных ассигнований по получателям, разделам, подразделам, целевым статьям и видам расходов, на 2023 год согласно приложению №7 к настоящему Решению.

3 Утвердить в пределах общего объема расходов, установленного статьей 1 настоящего Решения, распределение бюджетных ассигнований по разделам и подразделам, целевым статьям и видам расходов классификации расходов бюджета на 2023г. согласно приложению № 9 к настоящему Решению. 4 Утвердить распределение бюджетных ассигнований по получателям на 2023 год согласно приложениям №25 и 26 к настоящему Решению. Утвердить изменения, произведенные в бюджете согласно приложениям №1,3,7,9,11,13,22,25,26 к настоящему решению, в том числе:

а) Увеличить средства налоговых и неналоговых доходов в сумме 1457,0 тыс. рублей, в том числе: - доход от сдачи в аренду муниципального имущества, находящегося в оперативном управлении органов управления в сумме 69,4 тыс. рублей; - доход от реализации имущества, находящегося в собственност муниципальных районов в сумме 438,4 тыс. рублей;

- денежные взыскания, налагаемые в возмещение ущерба, причиненного в результате незаконного или нецелевого использования бюджетных средств в сумме 200,0 тыс. рублей; - сборы родительской платы за содержание детей в ДОУ в сумме 749,2 тыс. рублей.

б) Увеличить средства межбюджетных трансфертов из федерального и республиканского бюджетов, поступившие дополнительно к утвержденному бюджету в общей сумме 59554,672 тыс. рублей, в том числе: - Средства ФС-субсидии в сумме 42,756 тыс. руб., поступившие дополнительно к бюджету 2023 года по соглашению с Администрации Главы и Правительства Республики Дагестан, в соответствии с целевой направленностью направить на софинансирование расходных обязательств в Администрацию МО «Унцукульский район» развитие государственной гражданской службы РД, государственная поддержка развития муниципальной службы в РД. - Средства ФС-субсидии в сумме 18158,581 тыс. руб., по соглашению с Министерством экономики и территориального развития Республики Дагестан в соответствии с целевой направленностью направить в Администрацию МО «Унцукульский район» на софинансирование расходных обязательств по проекту местных инициатив на благоустройство сквера, прилегающего к центр. мечети пос. Шамилькала-3300,0 тыс. рублей, на замену труб водоснабжения и канализации в с.Ирганай-6947,6 тыс. рублей и на бетонирование улицы в с. Майданск-7910,981 тыс.рублей.

- Средства ФС-субсидии в сумме 7006,179 тыс. руб., поступившие дополнительно к бюджету 2023 года по соглашению с Министерством культуры Республики Дагестан, в соответствии с целевой направленностью направить на софинансирование расходных обязательств в Администрацию МО «Унцукульский район» на капитальный ремонт **ДШИ**

- Средства ФС-субсидии в сумме 420,0 тыс. руб., поступившие дополнительно к бюджету 2023 года по соглашению с Министерством по земельным и имущественным отношениям Республики Дагестан, в соответствии с целевой направленностью направить в Администрацию МО «Унцукульский район» на софинансирование расходных обязательств по проведению работ описания границ населенных пунктов территориальных зон, занесение в ЕГР сведений о них.

- Средства ФК–субвенции из республиканского бюджета РД в сумме 3275,1 тыс. руб. направить в Администрацию МО «Унцукульский район» на обеспечение жильем детей-сирот и детей, оставшихся без попечения родителей.

- Средства ФК–субвенции из республиканского бюджета РД в сумме 652,496 тыс. руб. направить на обеспечение выплат ежемесячного денежного вознаграждения за классное руководство педагогическим работникам общеобразовательных организаций по количеству класс-комплектов с сентября 2023г. - Средства иных межбюджетных трансфертов из республиканского бюджета РД в сумме 23839,56 тыс. руб. направить в Администрацию МО «Унцукульский район» на демонтаж аварийного здания ДОУ 9 в п.Шамилькала.

- Средства прочих безвозмездных поступлений от денежных пожертвований, предоставляемых негосударственными организациями получателям средств бюджетов муниципальных районов в сумме 6160,0 тыс. руб. направить в Администрацию МО «Унцукульский район» на софинансирование расходных обязательств по проектам местных инициатив. в) Уменьшить средства межбюджетных трансфертов из федерального и республиканского бюджетов согласно уведомлений Министерств Республики Дагестан в общей сумме 4995,941 тыс. руб., в том числе: - средства ФС–субсидии по обеспечению двухразовым питанием обучающихся с ограниченными возможностями здоровья, в т.ч. детей-инвалидов, осваивающих основные общеобразовательные программы на дому в сумме 65,08 тыс рублей, в том числе:

- МКОУ «Шамилькалинская СОШ» - 20,0 тыс. руб.;
- МКОУ «Гимринская СОШ» в сумме 30,0 тыс. рублей;
- МКОУ «Зиранинская СОШ» - 15,08 тыс. руб.

- средства ФС–субсидии на организацию бесплатного горячего питания обучающихся, получающих начальное общее образование в муниципальных общеобразовательных организациях в сумме 481,167 тыс. руб. уменьшить лимит бюджетных обязательств по фактическим дето-дням за 2023 год согласно отчетам общеобразовательных учреждений района. - средства ФК-субвенции в сумме 4144,994 тыс. руб. уменьшить лимит бюджетных обязательств Администрации МО «Унцукульский район на содержание ребенка в семье опекуна и приемной семье, а также на оплату труда приемному родителю.

- средства ФК-субвенции в сумме 304,7 тыс. руб. уменьшить лимит бюджетных обязательств дошкольных образовательных учреждений, в том числе: на содержание ребенка в семье опекуна и приемной семье, а также на оплату труда приемному родителю.

- МКДОУ «Детский сад № 1 «Ромашка» - 99,0 тыс. руб.;
- МКДОУ «Детский сад № 2 «Ласточка» - 108,0 тыс. руб.;
- МКДОУ «Детский сад № 8 «Солнышко» - 97,7 тыс. руб.;

5 Субсидии юридическим лицам, предусмотренные настоящим Решением, предоставляются в порядке, установленным администрацией МО «Унцукульский район».

**Статья 7 Межбюджетные трансферты бюджету района и бюджетам муниципальных образований (поселений) МО «Унцукульский район».**

1 Утвердить распределение межбюджетных трансфертов, получаемых бюджетом МО «Унцукульский район» из республиканского бюджета на 2023г. согласно приложению № 3 к настоящему Решению. 2 Утвердить распределение межбюджетных трансфертов бюджетам муниципальных образований (поселений) МО «Унцукульский район» на 2023г. согласно приложению № 11 к настоящему Решению.

**Статья 11 Вступление в силу настоящего Решения.**

Настоящее Решение вступает в силу с момента опубликования.

**Председатель Собрания** ____________**М.Б.Юсупов**

**Глава МО «Унцукульский район»** ______________**И.М.Нурмагомедов**

Приложение 22
к Решению Собрания депутатов Унцукульского района
«О внесении изменений в Решение № 43 о22декабря 2022г.
«О бюджете МО «Унцукульский район» на 2023и
плановый период 2024-2025гг.
№ 74 от 22 декабря 2023 г.

**Баланс**
**финансовых ресурсов МО «Унцукульский район» на 2023 год**

| | Доходы бюджета | сумма | № | Расходы бюджета | сумма |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | **Налоговые доходы** | **110777** | 1 | Расходы бюджета | |
| | -НДФЛ | 76550 | | 0100 | 38870,16 |
| | -Акцизы (ГСМ) | 19350 | | 0200 | 2501,8 |
| | -УСНО | 14050 | | 0300 | 5394,039 |
| | - ЕНВД | 0 | | 0400 | 61591.613 |
| | - ЕСХН | 197 | | 0500 | 34677.402 |
| | -госпошлина | 600 | | 0700 | 818370.376 |
| | -патентная система | 30 | | 0800 | 49590.114 |
| 2 | Неналоговые доходы | 3595.27916 | | 1000 | 11400.706 |
| | Безвозмездные поступления | 992844.586 | | 1100 | 33328.137 |
| | - Дотация | 193025 | | 1200 | 3822.0 |
| | - Субсидия | 77570.351 | | 1300 | 22,0 |
| | - Субвенция | 692249.675 | | 1400 | 67588.0 |
| | - Иные МТ | 23839.56 | | | |
| | - Поступления от денеж. пожертвований | 6160.00 | | | |
| | **ИТОГО ДОХОДОВ** | **1107216.86546** | | **ИТОГО РАСХО-ДОВ** | **1127156.203** |
| 4 | Источники финансирования дефицита бюджета | -19939.338 | | | 0 |
| | Погашение кредитов муниципальных районов от других бюджетов бюджетной системы РФ в валюте РФ | -1235.0 | | | 0 |
| | Изменения остатков | -21174.338 | | | 0 |



Хасел: сахаб гIумро

# Сахлъи дурго кверзукь буго

**Хасел буго хIалхьи гьабизе ва гьелдаго цадахъ лъикIаб тIокIаб кун гIумро тIамизе санагIатаб заман. Гьединаб санагIаталъ х1ажат гьечIеб цIайиги тIаде бохуна нилъеда. Пихъал, бахчабазул культураби кваназе лъикIаб бугониги, цIикIкIуна цIурачадал, цIурахинкIал ва цогидалги бак1ал квенал кванай. ГIемерисезда кIочона пайдаял салатал гьари, цIикIкIинарула гьуинлъаби.**

**Гьедин кIиго лъабго моцIида жаниб тIаде бахуна цIайи, кIочон тезе ккола т1адагьлъи-чIурканлъи. ХIажат гьечIел килограммаз бакIаб гIумро гуребги тIаде цIала кIвахIаллъи, бичIчIулареб унта-щокълъи.**

**Жакъа нижее бокьун буго гьел хасалил кIвахIалал къоял черхалъе пайдаяллъун кин гьарилелали нужее бицине.**





**I. ГIорцIулеб радал квен.**

ТIубараб къо тIадагьго ва гъира-цIагун иналъе рес кьола радал квен тIадагьаб ва пайда бугеб бугони. Кьаралъи, белок захIматал углеводал, клетчатка-гьел гIумроялъе чара гьечIого хIажалъулел элементал рукIине ккола къойил байбихьуда кваналеб кванилъ. Гьелъ печеньябигун цадахъ гьекъолеб чай данде кко響аро хасало.

Къойилъ гьабулеб хIалтIуе рух1-жан кьеялъе лъикIаб буго ч1ехьарал ханал мохмохгун, кинаб бугониги салат, пайдаяб чIегIераб чед, бахчабазул культурабазул гьабураб бульгур, гречка, хIан, сметана. Гьединаб кваница къуват ва гъира-ц1а кьола хIалтIизегун х1алхьи гьабизе.

**2. Ракъарал диетаби хасалие данде кколаро.**

Хасало кьвараралдиетаби гьари данде кколаро. Гьединаб квана-гьекъеялъ рачуна церегосел унтаби рагъа-рачаризариялде, рас х1улиялде ва черхалде бачIуна загIиплъи, иммунитет гIодобе ккола.

Хасалил заманалда организм гIемер данде чIезе ккола вирусаздагун бактериязда, кванилъан витаминал щолел гьечIони, бигьаго букIунаро гьелъие хасел рег1изе.

**3. Перец хIалтIизабизе кIочонге.**

Хасало бокьула махI берцинаб перец яги цогидаб хинлъизарулел тIагIамал хIалтIизаризе. ХIалтIизаре куркума, корица, имбирь,арахис. МахI берцинал хурдуз чаяз обмен веществ лъикI гьабула, кванирукъ лъикI хIалтIизабула, тIеренлъизарула.

**4. Кванай чурпа**

Хасало бищунго лъикIаблъун ккола чурпа. Гьеб буго гIорцIизарулеб, черх хинлъизабулеб, гIезегIан мехалъ ракъи ккoлеб, организмалъе пайдаяб квен. Руччабазе рукьбузул бульон ккола гIолохъанлъизариялъул элик-сир, гьелда гъорлъ буго коллаген, гьелъ берцинго букIкIинчIого чIезабула тIом.

**5. Гьекъе лъим.**

Хасало риидал гIадин гIемер лъим гьекъоларо нилъеца, гьелде гIемераб тIалабги букIунаро. Гьединлъидал хасало реччел гIемер щоларо нилъер черхалъе. Гьедин тоге, лъим цIикIкIун гьекъолеб бугони, сахлъиялъул гIемерал захIмалъабаздаса цIунула.



**6. Макьу гIезегIан кьиже.**

Къокъаб канлъул къоялдаса хадуб дагьаб букIуна нилъер сетчаткаялъе щолеб канлъул асар, гьедин нилъер организмалъе щола цIикIкIараб къадар мелатонин, гьелъ бокьула нилъее хасало гIемер кьижизе.

**7. Къо байбихье тренировкаялдасан.**

Хасалил кIвахIаллъиялдаса цIунизе ва организм хIаракаталда хIалтIизе кумек гьабула т1адагьал тренировкабаз. Бищунго лъикIаб буго радал хехаб рилъанхъи. РетIе тIадагьаб хинаб ретIел ва хьитал, вахъа къватIиве. Щибаб радал дуда бихьила кин сверухълъи чIаголъулеб бугебали. Сапарал гьаре батIи-батIиял бакIазде. Гьелъ черхалъе цIилъи кьола.

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 25. 01. 2024г.
16. 20
фактически -17 . 10 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 988 экз.